

11 mas 2020

Chè fanmi,

Sante ak sekirite tout elèv, estaf ak fanmi kontinye rete pi gwo priyorite DOE. Dapre rekòmandasyon Depatman Sante ak Ijyèn Mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) Vil Nouyòk fè kounye a, epi pou pran anpil prekosyon, nou mande tout lekòl presegondè nou yo pou itilize opsyon telefòn oswa opsyon ki baze sou teknoloji pou fè konferans pwofesè paran pou mwa mas la semèn sa a.

Konferans pwofesè-paran ki pwograme pou jedi swa (12 mas) ak vandredi apremidi (13 mas) yo ap toujou fèt; sepandan ou pa bezwen vini anpèsòn. Konferans pwofesè-paran yo ap fèt pa telefòn oswa adistans pito.

Pou kounye a, men sa ou bezwen konnen:

- Piske yo te deja prevwa tan nan kalandriye lekòl ak paran pou fè konferans semèn sa a, n ap fè konferans pwofesè-paran yo jedi 12 mas – vandredi 13 mas, jan yo te planifye a. Men, olye nou reyini anpèsòn, nou mande w pou patisipe adistans oswa pa telefòn pito.
- Gen yon moun nan lekòl ou k ap kontakte w alavans sou patisipasyon w nan konferans pa telefòn oswa adistans lan. Si w pa kapab konekte adistans oswa pa telefòn pandan lè konferans aswè 12 mas la oswa apremidi 13 mas la, lekòl yo ka ranwaye yo pou yon lòt ki ta ka pi bon pou ou.
- Pou fanmi ka prepare pou konferans pwofesè-paran yo, yo ka gade nòt klas pitit yo nan kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA) la. Si w poko gen yon kont, ale sou: <https://www.schools.nyc.gov/learning/in-our-classrooms/nyc-schools-account>

Nou apresye fleksibilite w nan moman sa a. Chanjman sa a ede nou ankouraje sekirite ak sante paran ak elèv, pandan n ap asire ou fè konvèsasyon enpòtan sa yo avèk pwofesè pitit ou a.

Tanpri ale sou schools.nyc.gov/coronavirus nenpòt lè pou jwenn enfòmasyon enpòtan ki resan ki gen rapò avèk lekòl.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk